


DEPISTAJ PRENATAL FLORIDA A

Depatman Sante Florida

EDE W GEN YON GWOSÈS AK YON AKOUCHMAN SAN PWOBLÈM

Depistaj Prenatal Florida a se yon depistaj yo fè pou tout fiti manman Florida yo yon fason pou favorize gwosès ak akouchman ki san pwoblèm.

Konsènan Depistaj la:

- Depistaj la rapid epi li fasil pou fèt.
- Yo bay tout fiti manman yo fè depistaj la epi yo dwe fè l avan premye randevou prenatal yo a.
- Depistaj sa a ede founisè swen sante yo konnen kòman pou yo sipòte w pi byen pou w ka gen yon gwosès ak yon akouchman san pwoblèm.
- Fè depistaj la ka ba w aksè ak sèvis soutyen kominotè k ap itil ou pandan ak aprè gwosès ou a.

Founisè swen sante ou a pa t fè depistaj la pou ou? Mande founisè swen sante w la pou l fè nouvo depistaj nimerik la pou ou pandan premye randevou prenatal ou a, oswa konekte dirèkteman ak sèvis kominote w la lè w vizite: **FLHomeVisiting.com**

GEN AKSÈ AK SOUTYEN

Pwogram vizit adomisil la ka rele w pou l ba ou rezilta yo epi l ap tou ba ou enfòmasyon konsènan gwosès la ak sèvis soutyen aprè akouchman ki disponib nan kominote ou a. Si ou panse ou ka benefisye sèvis vizit adomisil yo, tanpri di founisè ou a sa. Yo ka ba w sèvis la lakay ou oswa nan zòn kote ou santi w pi alèz la.

Patisipe nan depistaj la epi dakò avè l ap bay ou menm *ak* bebe w la, aksè ak sèvis sa yo:

- Vizit adomisil ak soutyen endividyèl pou manman ak papa yo
- Fòmasyon sou akouchman
- Sèvis Doula
- Edikasyon nitrisyonèl
- Preparasyon pou lè ti bebe a fèt
- Kowòdinasyon swen ak koneksyon ak sèvis lokal yo
- Edikasyon ak soutyen nan entèval gwosès yo
  - Planifye pou lòt gwosès
  - Fòmasyon konsènan Renonsyasyon ak Planin Familyal
  - Fòmasyon konsènan opsyon kontrasepsyon yo

Resous Siplemantè

Yo bay tout fiti manman Florida yo resous sa yo:

- **Strong Florida Moms** se sèl kote manman yo ka jwenn tout kalite sipò, depi lè yo ansent jiska aprè yo fin akouche. Vizite: **StrongFLMoms.com**
- **Florida Home Visiting** ofri fanmi yo sipò pandan gwosès la ak aprè akouchman san yo pa peye: Vizite: **FLHomeVisiting.com**
- **Hope Florida** ede fanmi yo jwenn travay, li ede nan edikasyon epi li reponn bezwen imedya yo (abri, gadri, repa, elt.). Rele: **1-850-300-HOPE**

Prenatalscreenapp.floridahealth.gov

FLHealth.gov/PrenatalScreen

Florida HEALTH